جمعية خدمة المحتوى
الإسلامي باللغات

ضيوف الرحمن
hajjumrh.com

# Tënk bi.
# Ci teggin ak àttey **siyaare jàkkay Yonnente bi**



ضيوف الرحمن
hajjumrh.com

## Partners in Implementation

Content Association

Rowad Translation

Byenah

IslamHouse

This publication may be printed and disseminated by any means provided that the source is mentioned and no change is made to the text.

Tel : +966 50 244 7000
info@islamiccontent.org
Riyadh 13245-2836
www.islamiccontent.org

Sant ṅeel na Yȧlla miy Boroom mbindeef yi, xėewal ak jȧmm yal na nekk ci sunu Yonnente bi Muhammat ak ay ṅoṅam,ak ȧndandoom yėpp.

## Ginnaaw loolu:

Lii ab bataaxal bu ṅu tënk la ci teggini siyaare jȧkkay Yonnente bi ak i ȧtteem,xėr nanu ci lool ci leeral li ëpp ci li kiy siyaare jȧkkay Yonnente bi di aajowoo.

Yȧlla rekk lanuy ṅaan mu def ko muy lu sell ṅeel jëmmam ju Tedd ji, ak mu jariṅ ci mbooleem jullit ṅi.

**Al-Lajnatu Al-Hilmiyyatu Bi Jamhiyati Al-Muhtawaa Al-Islaamii Bil-Luxaati.**






# Tënk bi
# Ci teggin ak àttey siyaare jàkkay Yonnente bi





1 Sopp naṅu siyaare jȧkkay Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc, amul nag waxtu wu ṅu ko tënk, te bokkul ci jëfi aj gi,te du lu war ajkat yi-moo xam ay gȯor laṅu walla ay jigėen-ṅu siyaare ji bȧmmeelu Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc, du caagine it Al-Baxiih.

2 Du dagan ṅuy takk ab tukki ngir siyaare bȧmmeelu Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc, ndaxte takk ab tukki ci anamug jaamu du nekk ci siyaare bȧmmeel, waaye ci siyaare ṅatti jȧkka yi doŋ lay nekk,**Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc nee na:** (deesul takk ab tukki lu dul jëm ci ṅatti jȧkka: sama jȧkka jii, ak jȧkka ja ṅu wormaal (jȧkkay Mȧkka), ak jȧkkay Al-Aqsaa) Al-Buxaarii soloo na ko (1189) ak Muslim (827) te baat yi moom la ṅeel, Ki sori Madina waruta tukki ngir jublu a siyaare bȧmmeel, waaye yoonal naṅu ci moom mu takk gawar ngir jublu a siyaare jȧkkay Yonnente bu tedd bi,bu fa eggee mu daal di siyaare bȧmmeelu Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc ak bȧmmeeli sahaabaam yi, siyaare bȧmmeelam bi day topp siyaare gi mu siyaare jȧkkaam ji.


3. Buy dugg ci jȧkkay Yonnente bi sopp naṅu ci moom mu jiital tȧnku ndayjooram bu dee dugg, mu wax:(Allaahuma iftah lii abwaaba rahmatika) kem ni muy waxe loolu ci budee dugg yeneen jȧkka yėpp.

4. Dugg ci jȧkkay Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc amul ṅaan gu ṅu ko jagleel.

5. Topp mu julli ṅaari rȧkka ngir nuyȯo ko jȧkka ji.

6. Bu waxtu wi nekkul waxtu wu ṅu tere ku ci julli kon dina man a julli cig coobarewu lu ko soob ṅaari rȧkka ṅaari rȧkka; **Yonnente Yȧlla bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc nee na:** (genn julli ci sama jȧkka jii moo gën junniy julli ci fu dul moom ba mu des jȧkka ja ca Mȧkka) Al-Buxaarii soloo na ko (1190) ak Muslim (1394).






7 Jaadu na it muy dȧkk di julli ci Rawda bi-te mooy diggante Minbaru Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc ak nėegam bi-bu yombee ci moom; **ngir waxi Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc: (nekk na ci diggante sama kër gi ak sama Minbar bi ab dër la ci dëru ȧjjana)** Al-Buxaarii soloo na ko (1195) ak Muslim (1390), Bu ko yombul nag mu julli ci wet gu jȧppandi ci jȧkka ji, lii nag bu dul jullig mbooloo, bu dee jullig mbooloo la nay sȧmmoonte ak sȧppe su njëkk sa sës ci imaam bi; ngir tegtal yu matale yi rot ci loolu.

## 8 Bu nammee siyaare bȧmmeelu Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc ak bȧmmeeli ṅaari sahabaam yi:




A. Day taxaw ci kanamu bȧmmeelu Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc ci teggin, ak ug wegeel, mu suufeel kȧddoom, daal di nuyu Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc wax ne:(Assalaamu halayka yaa rasuulal Laahi warahmatul Laahi wabarakaatuhu);bu waxee it:(**ashadu annaka rasuulul Laahi haqan, wa annaka xadd ballaxta ar-risaalata, wa addayta al-amaanata, wa jaahadta fil Laahi haqa jihaadihi,wa nasahta al-ummata, fa jasaakal Laahu han ummatika afdala maa jasaa nabiyyan han ummatihi**) kon it baax na.

B.Topp mu jëm ndayjoor tuuti daal di nuyu Abuu Bakar As-Siddiix yal na ko Yàlla dollee gërëm..

c.Topp mu jëmaat ndayjoor tuuti daal di nuyu Umar ibnul Xattaab, Ibn Umar yal na ko Yàlla dollee gërëm bu daan nuyu Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xèewal ak mucc ak ňaari àndandoom yi lu ci bari daawul yokk ci waxam jii:(Assalaamu halayka yaa rasuulal Laahi, assalaamu halayka yaa Abaa Bakrin,assalaamu halayka yaa abataahu) topp mu wëlbati ku dem.

D.Jaaduwul di guddal ab taxwaay walla ňaan ca bàmmeelu Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xèewal ak mucc ak ňaari sahabaam yi, Maalik siboon na ko, daal di wax ne: **loolu bidaa la salaf ya (ňa jiitu woon) defuňu ko,te dara du yèwènal mujjug xeet wii lu dul la yèwènaloom njëlbeen**

E.Bu dee li yenn siyaarekat yi di def nag di yëkkëti kàddu ci bàmmeelu Yonnente bi ak di fa taxaw lu yàgg loolu dafa wuute ak li ňu yoonal; Yàlla mu kawe mi nee na:

(يا أيها الذين آمنوا لا ترفعوا أصواتكم فوق صوت النبي ولا تجهروا له بالقول كجهر بعضكم لبعض أن تحبط أعمالكم وأنتم لا تشعرون ، إن الذين يغضون أصواتهم عند رسول الله أولئك الذين امتحن الله قلوبهم للتقوى لهم مغفرة وأجر عظيم*إن الذين يغضون أصواتهم عند رسول الله أولئك الذين امتحن الله قلوبهم للتقوى لهم مغفرة وأجر عظيم)

(Eey yèen ňi gëm! Buleen di yëkkëti seen kàddu ci kaw kàddug Yonnente bi, buleen koy jollmbeeru ay wax,kem ni ngeen di jooruwantee bu (ngeen ko defee),dangeen sippi seeni jëf te yeguleen ko,Ňay suufeel seeni kàddu ci Yonnente bi ňooňee la Yàlla nattu seen xol (fekk ko mu jooy jëm ci ragal Yàlla). Dana ňu am njègël ak pay gu màgg)

[Al-Hujuraat: 3-2]

F.Ndaxte taxawaay bu yàgg ci bàmmeelu Yonnente bi ak di bàmtu nuyòo bi lu bari day waral raj-rajloo ak bari coow ak kàddu yu yëkkëtiku fa bàmmeelu Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xèewal ak mucc te loolu day wuute ak li Yàlla yoonalal jullit ñi ci aaya yu leer yii, te moom Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xèewal ak mucc ku ñuy wormaal la muy dund ak mu faatu yèpp, kon jaaduwul ci aji-gëm ji muy def ca bàmmeelam ba luy wuute ak teggini Sariiha.

G.Niki noonu it li yenn siyaarekat yi di def ak ñu dul ñoom ci sàkku ñaan ca bàmmeelam ba daal di jublu bàmmeel ba yëkkëti ñaari loxoom lii lèpp dafa wuute ak la ñu baax ña jiitu daan def muy sahaabay Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xèewal ak mucc ak ña leen topp cig rafetal waaye ci bidaa yi ñu sos la bokk.

H.Niki noonu it li yenn siyaarekat yi di def ci bu ñuy nuyu Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xèewal ak mucc di teg seen loxo ndayjoor ci kaw càmmooñ bi teg ko ci kaw seen dënn walla ci suufam kem melow kuy julli melokaan wii daganul ci bu ñuy nuyu Yonnente bi; ndaxte melow toroxlu la ak jaamu gog du yel lu dul ñeel Yàlla mu kawe mi kem ni ko Boroom xam-xam bu mag ba di Ibn Hajar yal na ko Yàlla yërëm nettalee ca Al-Fath jële ci woroom xam-xam yi.

I.Du dagan ci kenn muy jegeṅ-jegeṅlu Yàlla ci di raay nėeg ba, walla di ko wër, te du laaj Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xėewal ak mucc pajug aajoom, walla faj ku feebaram, ak lu ko niru; ndaxte yooyu yėpp deesu ko sàkku ci ku dul Yàlla Moom dong.

J.Yoonaluṅu ci jigėen muy siyaare bàmmeelu Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xėewal ak mucc du caagine bàmmeelu keneen; ndaxte Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xėewal ak mucc dafa rëbb jigėen ṅiy siyaare ay bàmmeel, kon naṅuy julli ci Yonnente bi ak lu bari, ci jàkka ak fu dul jàkka, bu ko defee loolu dina egg ci Yonnente bi ak barab bu mu man di nekk; ngir li Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xėewal ak mucc wax ne: (buleen def seen kër yi ay bàmmeel,te buleen def ci sama bàmmeel ab xew-xew,deeleen julli ci man ndax seenug julli ci man dina yeksi fi man ak fu ngeen man di nekk), Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xėewal ak mucc wax ne: (Yàlla am na ay malaaka yuy wër ci suuf si di ma jottali ci nuyòow sama xeet wi).



ضيوف الرحمن
hajjumrh.com

9 Sopp naṅu ci kiy siyaare Madina jamono ya mu fa nekkee mu siyaare jȧkkay Xubaa daal di fay julli; ndaxte Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc daan na fa dem moo xam day war walla mu dox, mu julli fa ṅaari rakka, jële naṅu ci Sahl ibn Haniif mu wax ne:Yonnente Yȧlla bi yal nạ ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc nee na: **(ku laabe këram daal di ṅëw jȧkkay Xubaa julli fa ag julli dana am fayug Umra).**



**10** Sunnaal naṅu ci gȯor ṅi ṅu siyaare bȧmmeeli Al-Baxiih ya -almeer la ci Madina- ak bȧmmeeli ṅa dee ci xare ak bȧmmeelu Hamsatu yal na ko Yȧlla dollee gërëm;ndaxte Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc daan na leen siyaare di leen ṅaanal, ak ngir waxu Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc: (tere woon naa leen siyaare bȧmmeel yi, leegi deeleen ko siyaare ndax da leen di fȧttali allaaxira) Bu leen daal siyaaree day wax kem li muy wax buy siyaaree yeneen bȧmmeel yi: (assalaamu halaykum ahlad diyaari, minal muuminiina wal muslimiina, wa innaa insaa Allaahu bikum laahixuuna, yarhamul Laahu almustaxdimiina minnaa wal mustaaxiriina, nas-alu Allaaha lanaa wa lakum alhaafiyata).

**11** Amul sikk-sȧkka ci ne li ṅu jublu ci siyaare bȧmmeel yi mooy fȧttaliku allaaxira ak rafetal jëmale ci ṅi faatu ci ṅaanal leen, **ak topp sunnas Yonnente bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc,**te lii mooy siyaare gi ṅu yoonal.



ضيوف الرحمن
hajjumrh.com

12 Bu dee siyaare nag ngir jubloo ṅaan ca seen bȧmmeel ya,walla di laaj Yȧlla ca ṅoom,walla ci seen i baarke ,ak yu ko niru kon lii siyaareg bidaa gu bon la Yȧlla yoonalu ko du caagineYonnenteem bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc, te it mag ṅu baax ṅa jiitu defuṅu ko, bu dee laaj leen fajug aajo, walla faj aji-tawat, ak yu ko niru kon lii bokkaale gu mag la.



# Jëlal yaw aji-jang ji yenn hadiis yi ṅu sos ci bunt bii ndax nga xam ko ba moytu ci a woru:

- Bi ci njëkk: (ku aj te siyaarewu ma kooku bėccingal na ma).
- Ṅaareel bi: ( ku ma siyaare ginnaaw samag faatu moo ngi mel ni ku ma siyaare ci samag dund).
- Ṅatteel bi: (ku ma siyaare siyaare sama baay Ibraahiima ci menn at gaarànteel naa ko fa Yàlla àjjana).
- Ṅenteel bi: (ku siyaare sama bàmmeel samag ramm war na ṅeel ko).

Haddis yii ak yi ko niru dara saxu ci jòge ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xėewal ak mucc, Al-Haafis Al-Huxaylii nee na: bunt bii dara saxu ci. Al-Haafis Ibn Hajar wax na ci At-Talxiis ne: -ginnaaw bi mu tuddee lu bari ci nettali yii- yooni hadiis bii yėpp a wėradi. Siyaare jàkkay Yonnente bi bokkul ci sunnay Aj walla Umra walla ci yi koy tax a mat, Moo xam laata Aj gi walla Umra gi la, walla ginnaaw ga; ndax siyaare jàkkay Yonnente bi lu ṅu sopp la ba fàww; kon kiy aj walla muy umra bu ko siyaarewul itam du ci am bàkkaar, te Aj walla Umra joteewul dara ak siyaare jàkkay Yonnente bi ndax ay jaamu yu teqalikoo laṅu. Ku Aj walla mu Umra du ne fàww mu siyaare ji jàkkay Yonnente bi, niki noonu it ku siyaare ji jàkkay Yonnente bi du ne fàww Aj walla umra da koy war, bu boole Aj ak Umra ak siyaare ji jàkkay Yonnente bi ci benn tukki loolu it baax na.

# Ay njuumte ci siyaare jàkkay Yonnente bi

1 Raay miir ya ak ŋëb ca weṅ ya jamono ya muy siyaare bàmmeelu Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xèewal ak mucc ak fas fa ay wëṅ ak yu ko niru ca paranteer ya ngir baarkeelu.

Te baarke ci li Yàlla yoonal ak ub yonnenteem la nekk ·waaye nekkul ci bidaa yi.

2 Dem ca xur ya ca Xeeru Uhud ak yu ko niru niki Xuru Hiraa, ak Xuru Suur, yi nekk Màkka ak fas fa ay moorso ak ṅaan ay ṅaan yu Yàlla joxewul ndigal ak toggoo ay coonu ci loolu.

**Yii yèpp ay bidaa la, amul cosaan ci Sariiha ju laab jii.**



ضيوف الرحمن
hajjumrh.com

3. Siyaare yenn barab yoy dańuy foog ne ci jeexitali Yonnente bi la bokk, niki fa gilėem ga gooroon, ak Teenu Al-Xaatam(jaaro ba) walla teenu Usmaan ak jël ci suufus bėrab yii ngir baarkeelu.

4. Ṅaan ṅi faatu ci bu ṅuy siyaare almeeri Al-Baxiih yi, ak almeeri ṅa dee ci xareb Uhud, ak sȧnni fa xaalis ngir jegeṅ-jegeṅlu ko ak baarkeelu ci ṅa fa nekk.

Yii nag ci njuumte yu rëy yi la bokk, dafa bokk sax kay ci bokkaale gu mag, kem ni ko woroom xam-xam yi tudde,Tėereb Yȧlla bi ak Sunnas Yonnenteem bi yal na ko Yȧlla dolli xėewal ak mucc tegtale ko;ndaxte jaamu Yȧlla rekk la ṅeel du dagan ṅu jëmale ci dara ṅeel ku dul Moom, niki rendi ak nisër ak yu ni mel, ngir waxu Yȧlla ji:

(وَمَا أُمِرُوا إِلَّا لِيَعْبُدُوا اللَّهَ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ)

(digaluṅu leen lu dul ṅu jaamu Yȧlla di aji-sellal diine ji ṅeel ko) [Al-Bayyinatu: 5].

**Yȧlla rekk a xam, Yal na Yȧlla dolli jȧmm ak mucc sunu Yonnente bi Muhammat ak waa këram ak ȧndandoom yėpp.**



# تعرف على الإسلام

## بأكثر من 100 لغة

موسوعة القرآن الكريم
QuranEnc.com

ترجمات متقنة لمعاني القرآن الكريم بأكثر من لغة (75)

بيان الإسلام
byenah.com

مواد منتقاة للتعريف بالإسلام وتعليمه بأكثر من لغة (120)

موسوعة الأحاديث النبوية
HadeethEnc.com

ترجمات متقنة للأحاديث النبوية وشروحها بأكثر من لغة (60)

ضيوف الرحمن
hajjumrh.com

مواد منتقاة للحجاج والمعتمرين و الزوار بلغات العالم

جامع المحتوى الإسلامي باللغات
islamcontent.com

مواد إسلامية متنوعة وشاملة بأكثر من (125) لغة

موسوعات وخدمات إسلامية باللغات
s.islamenc.com

للمزيد
من المواقع الإسلامية
بلغات العالم

ضيوف الرحمن
hajjumrh.com

جمعية خدمة المحتوى
الإسلامي باللغات